

# Lèt Jak la



## **PREMYE KOZE A**

### **Ki moun epi kilè yo te ekri lèt sa a**

Depi finisman dezyèm syèk la, yo kwè se Jak, frè Granmèt la, ki te ekri lèt sa a. Lè Pyè te kite Jerizalèm akòz pèsekisyon Jwif yo, se Jak, «frè Granmèt la», ki te rete alatèt kominote a (Travay 12,17). Li te òganize Legliz Jerizalèm menm jan ak Jwif yo te konn òganize sinagòg la. Li mete «Ansyen» tankou yo te konn genyen nan pèp Izrayèl la. Dapre sa yon istoryen ki te ekri anpil bagay sou epòk sila a te di, Jak, frè Jezi a, te toujou lapriyè pou pèp Izrayèl la konvèti tèt li bay Jezi.

Jak pa t kapab konprann kouman reliyon kretyen an se yon bagay ki diferan ak relijon Jwif la. Li kontinye rete kwè Legliz se yon kominote kretyen Jwif li ye. Men Jak toujou chèche pou Legliz la fè youn, menm si kominote yo te gen divès mantalite, divès kilti ak divès koutim (Travay 15).

Pòl prezante frè Jezi yo kòm misyonè (1 Korent 9,5) epi li sonje sa yo rapòte sou Jezi ki apre li te fin leve byen vivan, te fè Jak wè li (1 Korent 15,7).

Gen moun ki kwè tou se pa Jak «frè Granmèt la» ki te ekri lèt sa a. Poukisa ? Akòz lèt sa a ekri nan yon grèk siperyè, ki swa, ki fen. Jak, frè Jezi a, ki te toujou viv kote yo pale ebre sèlman, pa ta kapab ekri nan yon grèk elegan konsa. Men pwoblèm sa a kapab jwenn solisyon, si yo aksepte yon lòt moun ki te konn pale grèk byen ki te sèvi Jak se-kretè. Konsa lèt sa a te ekri anvan lane 62, dat lanmò Jak.

Gen lòt toujou ki panse lèt sa a ekri apre lanmò Jak, frè Jezi a. Lè sa a, moun ki ekri lèt sa a ta yon kretyen Jwif ki pataje lide Jak yo. Men òganizasyon Legliz la ak pwofesè (3,1), epi ansyen yo ki gen yon wòl espesyal (5,14-15), fè yo mete dat yo te ekri lèt la sèlman nan finisman premye syèk la.

Konklizyon: Lèt sa a pote mak enfluiyans Jak frè Granmèt la. Nou plis kwè lotè lèt la se Jak li menm menm, menm si li pa t ekri 1 ak men 1.

**Lane 62 yo te touye Jak:** Flaviyis Jozèf, yon istoryen ki te ekri yon liv sou istwa Jwif yo, rakonte lanmò Jak konsa: «*Te gen yon Prèt anchèf yo te rele Àn (se petit ptit Gran Prèt Àn ki te nan epòk Jezi a) ki te fè pati gwoup Sadiseyen yo. Moun sa yo te konn jije moun san gade dèyè. Lè Festis, Delege women ki te nan Siri a te fin mouri epi Albinis ki t ap vin ranplase li te sou wout, Àn te reyini Gwo Konsèy Jwif yo, li te fè mennen Jak, frè Jezi yo rele Kris la, ak lòt kretyen yo, devan tribinal la, li te akize yo komkwa yo pa renmen fè sa Lalwa Moyiz la mande, epi li te fè kalonnen yo ak kout wòch.*»

### **Mesaj lèt la fè pase a**

Lafwa yon kretyen, se pa konnen yon pakèt bagay ni sou Bondye, ni sou Jezi Kri, epi pale sou yo. Sa pa kont pou yon moun di li se kretyen. Lafwa kretyen an mande pou li sòti pou mete ledven anndan pat la, pou li fè Peyi Kote Bondye Wa a grandi sou tè a.

Pou kretyen an fè sa, fòk li mete lafwa li an aktivite. Men se pa zèv Lalwa Jwif la, se zèv lafwa nan Jezi Kri a: sitou zèv ki sòti nan kòmandman tounèf la (Jak 2,8).

### **Men chapant lèt Jak la :**

Bonjou (1,1)

Se pou nou kenbe fèm nan tèt chaje yo (1,2-18)

Mete Mesaj Jezi a an aktivite (1,19-27)

Avètisman kont mete moun pòv yo sou kote anndan kominote a (2,1-13)

Lafwa a se pa yon bagay anlè anlè (2,14-26)

Pinga kout lang (3,1-12)

Bon konprann toutbon vre a (3,13-18)

Pinga prensip sosyete sa yo (4,1-12)

Pa fè plan ak lògèy (4,13-17)

Avètisman pou moun rich yo (5,1-6)

Se pou nou gen lespwa ak pasyans (5,7-12)

Lapriyè pou malad yo (5,13-18)

Pechè yo dwe tounnen vin jwenn Bondye (5,19-20)

**Bonjou**

**1** <sup>1</sup>Jak, sèvitè Bondye ak Granmèt Jezi Kri, voye bonjou pou douz branch fanmi ki gaye aletranje yo.

**Tray ak rezistans**

<sup>2</sup>Frè m yo, lè nou tonbe nan tout kalite tray, se pou nou pran sa tankou bon jan kè kontan, <sup>3</sup>paske nou konnen lè yo seye lafwa nou, sa bay kouraj sipòte. <sup>4</sup>Epi se pou kouraj sipòte nou a menm fin fè yon travay ki anfòm nèt, pou nou kapab kòrèk nèt, san nou pa manke anyen.

**Se Bondye ki bay bon konprann**

<sup>5</sup>Si youn nan nou manke bon konprann, se pou li mande Bondye l. Bondye ki bay tout moun ak tout kè l, san fè move jan, Bondye sa a, va ba li l. <sup>6</sup>Men se pou l mande ak lafwa, san li pa ezite menm. Konsa, moun ki ezite sanble ak lanm lanmè van leve anlè epi li souke. <sup>7</sup>Reyèlman vre, pinga moun sa a kwè l ap jwenn kichòy nan men Granmèt la: <sup>8</sup>se yon moun ki pa konnen sa li vle, ki pa fèm nan konpòtman l.

**Moun pòv ak moun rich**

<sup>9</sup>Se pou frè ki gen yon ti sitiyasyon santi li fyè, lè li leve atè a. <sup>10</sup>Sa ki rich

**1,1-2:** Lè li pale sou Douz Branch Fanmi yo, li montre kouman kretyen yo fòme pèp Bondye tounèf la, pèp Kontra Tounèf la ki ranplase pèp Izrayèl la. Yo gaye nan mitan moun pèp etranje yo epi yo soutri pèsekisyon anba men yo. Se moun sa yo yo rele Dyaspora.

**1,5-8:** Bon konprann Bondye ba nou an pèmèt nou fè yon bon jan kalkil' pou nou kapab wè kisa nou kapab fè ki pi konsekan devan sitiyasyon lavi a, pou nou regle pwoblèm nou yo. Epi se sa ki fè nou vin pran reskonsablité lavni nou, olye pou nou ta annik reziyen nou. Yon fwa nou fin konnen ki baryè Bondye vle pou nou detwi devan nou, n ap kapab mande l san nou pa doute.

**1,9-11:** Anndan kominote kretyen an te gen ni moun pòv ni moun rich ki te bay Jezi Kri tout lavi yo. Moun pòv yo dwe santi yo gen privilèj devan moun rich yo, paske sitiyasyon senp yo viv yo, fè yo vin gen pi bon dispozisyon pou yo

la menm, se pou l santi li fyè, lè sitiyasyon li bese, paske l ap pase tankou flè yon pye zèb. <sup>11</sup>Reyèlman vre, solèy la leve ak chalè l, epi li fè zèb la vin chèch, flè li a tonbe, epi bèlte ki sou li, disparèt. Se konsa tou moun rich la pral depafini nan aktivite li yo.

**Tray ak pyèj**

<sup>12</sup>Ala chans pou moun ki gen kouraj sipòte nan tray, paske lè yo fin seye li, l a jwenn kouwòn lavi a, sa Granmèt la pwomèt moun ki renmen l yo.

<sup>13</sup>Se pa pou okenn moun y ap chèche pran nan pyèj di: «Se Bondye k ap chèche pran m nan pyèj.» Reyèlman vre, Bondye pa kapab pran sa ki mal nan pyèj, ni li menm menm li pa chèche pran okenn moun nan pyèj.

<sup>14</sup>Chak moun pran nan pyèj poutèt pwòp anvi pa li a, ki rale l sou li epi ki twonpe l. <sup>15</sup>Apre sa, move anvi a vin boujonnen, epi li donnen peche. Peche a menm, lè l rive bout, li donnen lanmò. <sup>16</sup>Frè mwen renmen yo, pinga nou twonpe tèt nou: <sup>17</sup>tou sa yo bay ki bon, tout kado ki anfòm nèt, se anwo li sòti, epi li desann sot nan Papa limyè yo: kote li, nanpwen okenn chanjman, ni lonbraj yon chanjman. <sup>18</sup>Li te vle anfante nou ak pawòl laverite a, pou nou tounen premye fwi nan tou sa li kreye.

Saj  
5,15;  
2Tm  
4,8

Ektk  
15,11

1Kor  
10,13;  
Mt6,13

Wm  
6,23

1Jn 1,5;  
1Tm  
6,16;  
1Pyè  
1,23;  
Jn 1,12

konprann Levanjil Jezi Kri a. An menm tan moun rich yo ki antre nan kominote yo, pèdi prestij ak pouvwa a yo te jwenn bò kote lòt moun rich yo tou. Yo dwe louvri kè yo pou yo pataje sa yo genyen ak lòt kretyen yo. Men lòt moun rich yo ki pa antre nan solidarite Pwojè Jezi te egzije yo, y ap peri nan mitan richès yo.

**1,13:** Pou Jak se joure yo joure Bondye si yo di Bondye fè moun pran nan pyèj peche. Pyej peche a sòti nan pwòp kè moun nan. Men anpil fwa moun yo di se Bondye ki lakòz soufrans yo, epi poutèt sa, yo p ap kite yon okazyon pase pou yo pa rann li reskonsab pwòp erè pa yo.

**1,17:** Jak mande nou pou nou leve je nou gade Papa a ki pa janm chanje a, li menm li pa gen anyen ki kab chanje nan fason li sen ak nan bonè li. Li fè sèlman sa ki bon, ak sa ki byen epi li pa janm ap mennen moun nan mal ak peche. Okontrè, pwojè Bondye se lavi, e lavi an kanmite.

**Pa rete koute pawòl la sèlman**

<sup>Pwv  
10,19;  
1Pyè  
2,1</sup> <sup>Lk  
8,21;  
1Jn  
3,17</sup> <sup>Mt  
5,17;  
Sòm  
19,8;  
Jn  
13,17</sup> <sup>22,21</sup> <sup>19,18;  
Mt  
22,39</sup> <sup>Lev  
19,15;  
Mt  
5,19</sup> <sup>20,13-  
14;  
Dtw  
5,  
17-18</sup>

<sup>19</sup> Frè mwen renmen yo, konn sa : se pou tout moun prese pou l koute, men se pou l pa prese pale, pa prese fè kòlè. <sup>20</sup> Paske kòlè yon moun pa reyalize sa ki kòrek devan Bondye. <sup>21</sup> Pou-tèt sa, se pou nou lage tou sa ki pa pwòp ak tout rès move bagay, pou nou aksepte pawòl yo plante a ak yon kè senp, pawòl ki kapab sove nanm nou an. <sup>22</sup> Tounen moun k ap fè sa Pawòl la mande a, pou nou pa moun k ap koute l ase epi konsa k ap twonpe tèt yo. <sup>23</sup> Paske si yon moun se koute l ap koute Pawòl la ase epi li pa fè sa l mande, li sanble ak yon moun k ap gade figi li fèt ak li a, nan yon glas. <sup>24</sup> Apre li fin gade pwòp tèt li, l ale. Epi touswit li blyie kouman li te ye a. <sup>25</sup> Men moun ki panche pou li gade Lalwa ki anfòm nèt la, Lalwa libète a, si li kole sou li epi li pa tounen yon moun k ap koute pou li blyie l, men yon moun ki fè travay la, ala chans li genyen nan fè l ap fè travay la. <sup>26</sup> Si yon moun kon-prann li swiv reliyon li byen san li pa frennen lang li, se twonpe l ap twonpe tèt li, reliyon moun sa a se betiz. <sup>27</sup> Relijyon ki pwòp, e ki san repwòch devan Bondye Papa a, men li: vizite timoun san papa, san manman, ak vèv yo, nan soufrans yo epi kenbe tèt ou pwòp, veye sou li devan bagay tè a.

**1,19-25 :** Jak rele nou pou nou gade sa ki nan-nan lavi kretyen an : koute Pawòl Levanjil la epi fè sa l di a. Lafwa chita sou sa nou fè, pa sou sa nou di, osinon sou sa nou konnen sèlman an. Pale sou Lafwa, nonmen non Bondye chak moman pa ase pou nou montre nou gen Lafwa toutbon. Lafwa nou an kondi nou pran yon angajman solid sitou nan renmen frè ak sè parèy nou yo.

**1,26-27 :** La a Jak ba nou kèk prensip potomitan Levanjil Jezi Kri a : relijon, yo mande kretyen yo maché ladan l lan, se pa fè bél seremoni, chante bél chan ki bay Bondye glwa, osinon repepte anpil vèsè Bib paké. Relijyon toutbon an se ofri pwòp tèt nou bay Bondye pou nou mete lavi ki kòrèk la sou pye. Se pou nou pa fè triportay. Se pou nou pran defans moun ki pi pòv (madam ki pèdi mari li, pitit ki pa gen manman, ki pa gen papa). Pa pran egzanp sou

**Moun rich pa merite plis  
plas pase lòt moun**

**2** <sup>1</sup> Frè m yo, pa mete afè moun pa nan Lafwa nou genyen nan Gran-mèt nou Jezi Kri ki nan glwa li. <sup>2</sup> Eg-zanp: si nan reyinyon nou, yon moun antre ak yon bag lò, ak bél rad byen klere, epi yon pòv antre tou ak yon rad sal, <sup>3</sup> nou gade moun ki abiye ak bél rad la epi nou di l: « Chita byen chita isit la, » pòv la menm nou di l: « Ou menm, kanpe la, » ou byen: « Chita sou ti ban anba pye m nan. » <sup>4</sup> Èske se pa jijman nou fè anndan nou epi nou tounen jij k ap fè vye kalkil? <sup>5</sup> Koute, frè mwen renmen yo, èske se pa pòv ki sou tè a Bondye chwazi kòm rich nan Lafwa epi kòm eritye Peyi Wa li pwomèt moun ki renmen li yo? <sup>6</sup> Nou menm, nou derespekte pòv la! Apa rich yo k ap fè nou abi, k ap trennen nou nan tri-binal! <sup>7</sup> Apa yo menm k ap joure bél non yo te nonmen sou nou an! <sup>8</sup> Si vre-man nou swiv lòd pi enpòtan an dapre sa ki ekri a « *W a renmen pwochen w tankou tèt pa w,* » nou fè byen. <sup>9</sup> Men si nou gade sou figi moun, nou fè peche, Lalwa a fè nou rekònèt nou aji kont li. <sup>10</sup> Reyèlmanm vre, si yon moun swiv tout Lalwa a, men si li manke yon sèl pwen, li vin koupab anvè yo tout. <sup>11</sup> Se konsa, Sila ki di « *pinga w fè adiltè,* » li di tou « *pinga w touye,* » Epi si w pa fè

sosyete ki pa kòrèk sa a, epi pa antre nan koripsyon.

**2,1-4 :** Si bò kote pa yo, kretyen yo viv youn ak lòt menm jan sa fèt nan sosyete a, yo pa kapab montre chanjman Peyi kote Bondye Wa a pote ni pou moun yo ni pou sosyete a. Yo pèdi kapasite Lespri Sen an ba yo pou yo tounen yon kominate tounèf, e ki pa nan move sistèm ak koripsyon sosyete a genyen.

**2,5-13 :** Jak fè nou konnen kouman kretyen rich yo ki pa vle pataje, ki toujou nan lenjistis, fè lòt moun pale Jezi mal. Si kretyen yo antre nan sistèm patipri anfavè moun rich yo, yo bay len-jistis ak koripsyon jarèt.

Jak pale sou patipri y ap fè anndan Legliz. Jak ankouraje Legliz la egzaminen fason manm li yo ap viv youn ak lòt. Se kòmandman pou nou ren-men tout moun epi, dapre sa Jezi te di, tout lòt kòmandman yo chita nan sa a.

adiltè, men ou touye, ou vin aji kont Lalwa.<sup>12</sup> Pale yon jan, aji yon jan kòm moun yo gen pou jije dapre Lalwa libète a.<sup>13</sup> Reyèlman vre, jijman an san pitye pou moun ki pa gen pitye. Kè sansib pase jijman nan rizib.

### Lafwa ki pa gen zèv se yon lafwa ki mouri

<sup>2,24; Mt 25,41; Gal 5,6</sup> <sup>14</sup> Frè m yo, sa sa itil si yon moun di li gen lafwa epi li pa gen zèv yo? Èske lafwa kapab sove l?<sup>15</sup> Si yon frè oubyen yon sè toutouni epi yo manke manje pou chak jou,<sup>16</sup> epi youn nan nou di yo: «Ale ak kè poze, chofe kò nou, manje vant plen», san nou pa ba yo sa ki nesesè pou kò yo, sa sa itil?<sup>17</sup> Se konsa tou, lafwa si li pa gen zèv, li mouri byen mouri.<sup>18</sup> Men yon moun va di: «Ou menm, ou gen lafwa, mwen menm atò mwen gen zèv yo. Montre m lafwa w la san zèv yo, epi mwen menm, m a montre w lafwa m nan, nan zèv mwen yo.»<sup>19</sup> Ou menm, ou kwè gen yon sèl gress Bondye? Ou fè byen. Demon yo kwè tou, epi y ap tramble ak laperèz.<sup>20</sup> Moun sòt, ou vle konnen kouman lafwa san zèv yo pa vo anyen?<sup>21</sup> Abraram, papa nou, èske se pa zèv yo ki te fè li vin moun kòrèk, lè li te ofri Izarak, pitit li a, sou lotèl la?<sup>22</sup> Ou wè lafwa t ap travay ak zèv li yo, epi se ak zèv li yo lafwa a vin anfòm nèt.<sup>23</sup> Epi sa ki ekri a rive, ki te di: «Abraram te kwè nan Bondye, epi sa sèvi l pou li vin kòrèk, epi yo rele l zanmi Bondye.»<sup>24</sup> Nou wè se ak zèv yo

<sup>Mk 1,24</sup>  
<sup>Jen 22,9</sup>

<sup>Jen 15,6</sup>

<sup>Wm 4,12</sup>

**2,14-26:** Vèsè sa yo vle rejte kèk erè kèk moun fè lè y ap li lèt Pòl yo, kote li di se lafwa ki sove nou, men se pa «zèv nou yo». Pòl pa pale sou zèv lafwa yo, li pale sou zèv Lalwa Moyiz la. N ap konpare sa Jak di ak sa Pòl di nan lèt pou moun Wòm yo epi lèt pou moun Galasi yo. Men sa ki nan lide Pòl: «Abraram te vin yon moun kòrèk nèt, paske li te gen lafwa, men se pa paske li te konn fè sa Lalwa Moyiz la mande» (Wm 4,1-6; Gal 3,6-9). Menm jan tou, men sa ki lide Jak: «Sa ki rann moun yo kòrèk nèt se fè sa Lafwa mande.»

Pòl chita anpil sou rapò nou ak Bondye, ki pa menm ak fè sa Lalwa Moyiz la mande. Jak

yon moun vin kòrèk, se pa ak lafwa sèlman.<sup>25</sup> Se menm jan tou, Rarab, jennès la, èske se pa zèv ki fè li vin yon moun kòrèk? Li te resevwa mesaje yo epi li te fè yo pati nan yon lòt wout.<sup>26</sup> Menm jan kò ki san lespri mouri, konsa lafwa san zèv yo mouri tou.

<sup>Joz 2,4;  
6,17</sup>

<sup>Ektlk 14,1</sup>

<sup>Gal 5,6</sup>

### Sa lang kapab fè

**3** <sup>1</sup> Frè m yo, pinga anpil nan nou vin pwofesè, paske nou konnen konsa n a jwenn yon jijman ki pi rèd. <sup>2</sup> Se konsa, nou tout, nou fè anpil fo pa. Si yon moun pa fè fo pa nan pale, moun sa a se yon moun ki fin bon nèt. Li kapab frennen tout kò l. <sup>3</sup> Si nou mete mò nan bouch chwal yo pou yo obeyi nou, nou mennen tout kò yo. <sup>4</sup> Gade batiman tou, gwo kou yo gwo, lè gwo van ap pouse yo, se yon vye pti gou-vènay k ap dirije yo, kote lide kapten nan vle. <sup>5</sup> Konsa tou, lang se yon ti mòso bagay tou piti, men li vante tèt li pou gwo bagay. Gade jan yon ti dife boule yon gwo rak bwa! <sup>6</sup> Lang tou se dife, se yon bann ak yon pakèt mechanste. Lang sa a, ki youn nan manm nou yo, li sal tout kò a! Li detenn sou tout kò a, li mete dife nan tou sa k ap pase sou tè a, li menm ki pran dife l nan lanfè a. <sup>7</sup> Reyèlman vre, tout kalite bèt ak zwazo, ni bèt k ap glise atè ansanm ak bèt lanmè moun donte yo, epi yo donte vre. <sup>8</sup> Lang menm, okenn moun pa kapab donte l. Se yon malè ki pa janm poze, ki plen pwazon k ap bay lanmò. <sup>9</sup> Se ak li nou

menm, bò kote pa l, fè nou wè pa ka gen lafwa toutbon si li pa fè sa lafwa egzije a epi si nou pa pran ka moun ki bò kote nou.

De deklarasyon sa yo, Pòl ak Jak fè, epi ki ta sanble yo depaman youn ak lòt, se pawòl moun deja esplike anpil depi nan kòmansman epòk Refòm Maten Lité. Jak di Lafwa a ki pa fè sa lafwa mande pou fè, se lafwa ki mouri. Pòl di menm bagay ak Jak nan lèt pou moun Galasi yo: «Men sa ki konte, se lafwa k ap travay ak ren-men» (Gal 5,6).

**3,1-12:** Lang nou se pi gwo zouti nou genyen pou youn kominike ak lòt. Men an menm tan li pote yon gwo danje nan li. Li kapab detwi tou.

fè lwanj pou Granmèt ki Papa a. Se ak li tou nou bay moun ki fèt pòtre ak Bondye a madichon. <sup>10</sup> Se nan menm bouch la benediksyon ak madichon sòti. Frè m yo, sa pa dwe fèt konsa. <sup>11</sup> Èske yon sous fè dlo ki dous ak sa ki anmè sòti nan menm bouch twou a? <sup>12</sup> Frè m yo, èske yon pye fig frans kapab donnен oliv, oubyen èske yon pye rezen kapab donnен fig frans? Konsa tou yon sous sale pa kapab bay dlo dous. <sup>13</sup> Kilès pamì nou ki gen bon konprann ak entèlijans? Se pou li gen yon bon konpòtman kote li montre zèv li ki fèt ak bon jan ak bon konprann.

### Bon konprann syèl la ak mòd konprann tè a

<sup>14</sup> Men si nou gen move jalouzi ak lanbisyon nan kè nou, pinga nou ni vante tèt nou, ni fè manti kont laverite. <sup>15</sup> Mòd konprann sa a pa sòti anwo, men se bagay tè a, bagay bêt, bagay demon. <sup>16</sup> Reyèlman vre, kote ki gen jalouzi ak lanbisyon, gen dezòd ak tout kalite move zak. <sup>17</sup> Bon konprann ki sòti anwo a menm, tou dabò li pwòp, lèfini li mete kè poze, li gen bon jan, li konn koute, li plen kè sansib ak bon kalite fwi, li pa ni nan de fas, ni nan fè ipokrit. <sup>18</sup> Moun k ap travay pou gen kè poze jwenn semans yon lavi kòrèk nan kè poze.

### Moun ki gen de kè

**4** <sup>1</sup> Kote lagè, kote goumen nan mitan nou sòti? Èske se pa nan sa: nan move plezi nou yo k ap batay annan manm nou yo? <sup>2</sup> Nou anvi, men nou pa genyen, lè sa a nou touye. Nou fè jalouzi epi nou pa kapab jwenn, atò nou goumen, nou fè lagè. Epi nou pa

genyen, paske nou pa mande. <sup>3</sup> Nou mande epi nou pa resevwa, paske nou mande mal, dekwa pou nou depanse pou move plezi nou yo. <sup>4</sup> Moun ki nan adiltè yo, èske nou pa konnen: fè zanmi ak tè a se fè lènmi ak Bondye? Konsa, si yon moun vle zanmi tè a, li fè tèt li lènmi Bondye. <sup>5</sup> Èske nou kwè se pou anyen Liv la di « *Li fè jalouzi pou Lespri li mete rete anndan nou an?* » <sup>6</sup> Men li bay yon pi gran favè. Se poutèt sa li di: « *Bondye kanpe kont moun gwo kòlèt yo, men li bay ti piti yo favè.* » <sup>7</sup> Konsa, mache sou zòd Bondye. Kenbe tèt ak dyab la epi l ap kouri kite nou. <sup>8</sup> Pwoche kote Bondye, epi l a pwoche kote nou. Pechè yo, netwaye men nou, epi nou menm k ap woule de bò yo, pwòpte kè nou. <sup>9</sup> Gade mizè nou. Pran dèy. Mete kriye. Se pou ri n ap ri a tounen dèy. Se pou kè kontan nou an tounen tristès. <sup>10</sup> Fè kò nou piti devan Granmèt la, epi l a leve nou anlè.

Mt  
6,24;  
1Jn  
2,15

PWV  
3,34

Ef  
6,11;  
1Pyè  
5,6;  
Mal 3,7

Job  
5,11;  
Mt  
23,12

### Pa jije frè w

<sup>11</sup> Frè m yo, pinga youn pale lòt mal. Moun ki pale frè l mal oubyen ki jije frè l, se Lalwa li pale mal, e li jije. Men si w jije Lalwa, ou pa yon moun k ap fè sa Lalwa mande, men w se jij li. <sup>12</sup> Se yon sèl atò ki fè Lalwa epi ki jij: Sila a ki kapab sove, e ki kapab detwi. Ou menm, kilès ou ye pou w ap jije pwochen w?

Lev  
19,16;  
Mt  
7,1

Wm  
2,1;  
14,4

### Demen pa pou nou

<sup>13</sup> Bon! Kounye a atò, nou menm k ap di: jodi a, oubyen demen, nou pral nan tèl ak nan tèl vil epi n a fè yon lane ladan, n a fè komès, n a fè lajan, <sup>14</sup> nou pa menm konnen sa k va genyen

PWV  
27,1;  
Lk  
12,18

**3,13:** Bon konprann nan se yon kado Bondye (1Kor 1,5; Ef 1,9), se yon bagay nou kapab vin jwenn si nou lapriyè pou sa (Sîrasid 51,13; Kol 1,9), si nou kenbe fèm nan medite Pawòl Bondye (2Tm 3,17), si nou pwòpte kè nou.

**4,13-17:** Jak kritike komèsan ki rete kwè se

yo ki mèt lavi yo: yo fè pwojè pou yo vin rich pou yo gen yon lavi ki trankil (Lik 12,18-20). Nou kapab mourir san nou pa reyisi fè sa ki pi enpòtan an. Se sèl Bondye ki konnen sa k va rive demen. Se pou moun yo lage lavi yo nan men Bondye epi mete tèt yo nan fè sa ki bon pou lòt yo.

demen, kijan lavi nou va ye. Reyèlman vre, nou se yon lafimen ki parèt yon ti moman epi ki disparèt apre.<sup>15</sup> Pa pito nou di: «Si Granmèt la vle, si nou vivan, n a fè sa oubyen sa.»<sup>16</sup> Kounye a atò, n ap vante tèt nou nan fè grandizè! Tout grandizè sa a pa bon.<sup>17</sup> Konsa yon moun ki konnen se byen pou li fè, epi ki pa fè l, li fè peche.

### Yon pinga pou moun rich yo

**5**<sup>1</sup>Bon! Kounye a, moun rich yo, kriye, fè rèl sou mizè ki pral tonbe sou nou. <sup>2</sup>Richès nou yo fin pouri. Rad nou yo, mit pike yo. <sup>3</sup>Lò ak ajan nou yo manje anba wouy. Wouy yo a sèvi temwen kont nou, epi l a manje vyann nou kòm dife. Se nan dènye jou yo nou ye, epi n ap ranmase trezò! <sup>4</sup>Men li: lajan travayè ki fè rekòt nan jaden nou yo, epi nou wete sou li a, ap pouse rèl. Rèl moun k ap ranmase rekòt yo rive nan zòrèy Granmèt lame a. <sup>5</sup>Nou te banbile sou tè a. Nou te pran plezi nou epi nou te bay kè nou gwo satisfak-syon jou masak la. <sup>6</sup>Nou te kondane moun kòrèk la, epi nou te touye l, e li pa kenbe tèt ak nou.

### Pran pasyans, Bondye ap vini

<sup>7</sup>Konsa, frè m yo, pran pasyans jis jou Granmèt la vini. Gade: kiltivatè a espere bon jan fwi tè a, li pran pasyans ak li, jis li jwenn premye lapli a ak

**5,1-6:** Jounen jodi a yon moun sou kat gen tout richès tè a nan men li. Epi moun rich yo kapab ranmase richès la konsa paske gen yon sistèm ki kite tout rès lòt moun yo nan lamizè. Sa vin bay, chak lane, plizyè milyon moun ki rive mouri anba grangou, mechanste ak lagè.

**5,7-11:** Lafwa kretyen an pote anpil lespwa sou chanjman nou dwe fè nan soyete a. Anpil fwa nou travay anpil pou nou wè yon ti bagay ki montre delivrans Bondye a kòmanse parèt nan mitan nou, men lè nou pa wè anyen menm, nou kòmanse pèdi lespwa. Kèk fwa kretyen yo ki te goumen anpil pou fè Peyi Kote Bondye Wa a blayi sou tè a, yo kòmanse santi yo dekoraje nèt. Pa gen okenn chanjman ki fèt. Jak ban nou egzanp ti gressnan ki anba tè a. Antan li anba tè a ou pa wè anyen menm. Men peyzan an konnen yon bon jou ti gressnan pral jèmen epi

dènye lapli a. <sup>8</sup>Nou menm tou, pran pasyans. Mete kouraj nan kè nou, paske lè pou Granmèt la vini tou pre.<sup>18</sup>

<sup>9</sup>Frè m yo, pinga nou plenyen youn pou lòt, pou yo pa jije nou. Men jij la kanpe devan pòt yo!<sup>19</sup> <sup>10</sup>Frè m yo, pran pwofèt yo pou egzanp moun ki soufri epi ki gen pasyans, yo menm ki te pale nan non Granmèt la.<sup>20</sup> Men, nou di:<sup>21</sup> Ala yo gen chans moun ki pran pasyans yo. Nou tande pale sou pasyans Jòb epi nou wè kouman Granmèt la fè sa fini, paske Granmèt la gen anpil kè sansib epi li gen bon kè.<sup>22</sup>

<sup>12</sup>Men anvan tout bagay, frè m yo,<sup>23</sup> pa fè sèman ni sou syèl la, ni sou tè a, ni okenn lòt kalite sèman. Se pou wi nou se wi, se pou non nou se non, dekwa pou nou pa tonbe anba jijman an.

### Dènye konsèy

<sup>13</sup>Si yon moun pami nou ap soufri, se pou l lapriyè. Si yon moun pami nou gen kè kontan, se pou l chante kantik. <sup>14</sup>Si yon moun pami nou malad, se pou l rele Ansyen Legliz yo, epi y a lapriyè sou li, antan y ap fwote l ak lwil nan non Granmèt la.<sup>15</sup> Lapriyè lafwa va sove malad la, Granmèt la va leve l, epi si li te fè peche, y a padonnen. <sup>16</sup>Konsa, se pou youn deklare peche l yo bay lòt. Epi lapriyè youn pou lòt, pou nou geri. Lapriyè moun

I ap bay yon ti plant, epi l ap grandi jouk li rive donne (Mak 4,26-30). Se konsa lafwa kretyen an ye. Fòk nou kontinye simen gressnan bon zèv yo, fòk nou kontinye simen lavi ak gwo konfyans nan Granmèt la k ap fè Gouvènman Bondye reyisi, wè pa wè, sou tè a.

**5,13-18:** Pawòl Jak sa yo fè nou konnen Legliz la te toujou kontinye jès Jezi ki te mache ap geri malad, e li te bay Apot yo menm misyon an (Mak 6,13). Lapriyè gen fòs pou nou ka jwenn sa nou bezwen nan men Bondye. Dapre Levanjil la, Jezi poze men sou moun ki malad yo. Poze men sou moun, se kòmsi w fè yo santi fòs ki pral geri yo a, nan non Kris la ak otorite li bay. Epitou te gen lwil, yo te itilize l nan tan sa a kòm remèd. Toulede jès yo te kapab sèvi nan lapriyè pou malad yo. Ni pou byen kò moun ki malad la ni pou byen nanm li tou.

<sup>18</sup>Tes  
3,1

<sup>19</sup>Mk  
13,29

<sup>20</sup>Mt5,11

<sup>21</sup>34,6

<sup>22</sup>T Ap  
16,25

<sup>23</sup>Mk  
6,13;  
Eklik  
38,14

<sup>24</sup>PWV  
I Jn 1,8

kòrèk la, si li fèt ak tout kè l, gen anpil fòs.<sup>17</sup> Eli se te yon moun menm jan ak nou. Li lapriyè byen lapriyè pou lapli pa tonbe, epi lapli pa tonbe sou tè a pandan twa zan si mwa.<sup>18</sup> Li tounen lapriyè, syèl la bay lapli epi tè a menm pwodui fwi l.

<sup>1Wa</sup>  
<sup>17,1;</sup>  
<sup>Ap 11,6</sup>

### Fè yon moun kite move chemen

<sup>19</sup> Frè m yo, si youn nan nou pèdi che-men laverite a, epi yon lòt fè l tounen ladan,<sup>20</sup> se pou nou konnen: moun ki fè yon pechè tounen sòti nan move wout li a, se nanm moun lan li sove anba lanmò epi *lap kouvri yon pakèt peche*.

<sup>Mt 18,15;</sup>  
<sup>Gal 6,1</sup>  
<sup>Pwv 10,12;</sup>  
<sup>1Pyè 4,8</sup>

---

**5,16:** Jezi te di Pyè: «Sa w padonnen sou tè a, va padonnen nan syèl la» (Mt 16,19). Se menm bagay la li di tout apot yo (Jn 20,23). Se menm bagay la tou jou Jezi di kominate kreyen an (Mt 18,18). Se Bondye ki padonnen pe-

che, se vre, men nou wè tou kijan anpil fwa se grasa yon moun Bondye padonnen peche yon lòt. Se fondman sakreman penitans, sakreman padon an.